



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPÒ A DESANN A MWATYE POU SÒLDA KI  
TE MOURI A**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande pou drapo yo ki sou bilding gouvènman eta flote a demi ma nan dat 8 Novanm nan lonè Kapitèn Andrew D. Byers, yon natif natal Clarence, Konte Erie, ki te mouri nan Afghanistan Jedi.

“Nan non tout Nouyòkè yo, mwen prezante sensè kondoleyans mwen pou fanmi, zanmi Kapitèn Byers ansanm avèk kòlèg sòlda yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou atriste pa disparisyon l epi rejwenn fanmi l pou onore kouraj ak sèvis Kapitèn Byers pou peyi nou an.”

Kapitèn Byers, 30 ane te mouri alaswit blesi li te andire pandan li tap angaje fòs enmi yo nan Kunduz Afghanistan. Yo te asiyen l nan Konpayi B, 2<sup>yèm</sup> Batayon 10<sup>yèm</sup> Gwoup Fòs Spesyal (Airborne) sa ki baze nan Fort Carson Colorado.

Gouvènè Cuomo te mande pou drapo ki sou bilding yo nan eta flote a mwatye nan lonè l e nan omaj a mannm sèvis New York yo ansanm avèk sila yo ki estasyone nan New York ki te mouri nan travay oswa nan yon zòn konba.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418